

Chè Paran:

Mwen ekri ou pou fè ou konnen yon vaksen enpòtan ki kapab ede pwoteje adolesan ou kont maladi menengokoksik, yon enfeksyon bakteri ki ra, men ki danjere epi ki kapab lakòz menenjit ak septisemi. Vaksen sa a rele vaksen asosye kont maladi menengokoksik, epitou biwo sa a ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande vaksen sa a pou tout adolesan ki gen laj 11 zan jiska laj 18 tan, men li ta pi bon pou sa fèt nan moman tchekòp timoun 11-12 zan yo.

Kantite ka maladi menengokoksik yo chanje ane apre ane. Ant ane 1998 ak ane 2007, apeprè 1,500 Ameriken te enfekte chak ane, epi apeprè youn sou nèf te mouri. Adolesan ak jenn adilt yo frajil sitou pou trape enfeksyon sa a. Kidonk, prèske 15 pousan tout ka maladi menengokoksik yo te rive pami adolesan ak jenn adilt yo, epitou apeprè youn sou sèt ladan yo te mouri.

Sèten faktè mòdvi mete adolesan yo ak jenn adilt yo nan risk pou trape maladi a. Pami faktè sa yo genyen sitiwayon kote moun ap dòmi angwoup (dòmi nan kan, dòtwa), modèl dòmi iregilye ak kontak pwòch avèk moun ki enfekte (ki kapab pa montre sentòm maladi a poukont yo).

Yo kapab mal dyagnostik premye sentòm maladi a kòm yon maladi viral, tankou grip, men depi maladi menengokoksik kòmanse, li kapab fè pwogrè rapidman ak lakòz lanmò maladi la nan 48 èdtan. Apeprè youn sou senk sivivan ap soufri nan andikap pèmanan, tankou domaj nan sèvo, pèt odisyon (pa tande), malkadi oswa anpitasyon bra oswa janm.

Pou konnen plis bagay sou prevansyon maladi menengokoksik, tanpri

Sensèman,